

Nim. 202.60

DEKRÈ EGZEKITIF

**Kontinite Sispansyon ak Modifikasyon Tanporè Lwa yo
Ki gen rapò ak ijans nan sitiyaasyon katastwòf la**

LÈ NOU KONSIDERE, nan dat 7 mas 2020 an, mwen te pibliye Dekrè Egzekitif Nimewo 202 a (Executive Order Number 202) pou deklare yon ijans nan sitiyaasyon katastwòf nan Eta a pou tout Eta New York la;

LÈ NOU KONSIDERE, Nouvo Kowonaviris 2019 la (COVID-19) te rive nan New York sòti sitou nan Lewòl, avèk plis pase 2.2 milyon vwayajè ki te antre ant fen janvyè ak 16 mas 2020, lè gouvènman federal la te finalman aplike yon entèdiksyon vwayaj pou tout kote nan Lewòp;

LÈ NOU KONSIDERE, pandan peryòd sa a, 2.2 milyon vwayajè te ateri nan rejyon metwopoliten Vil New York la epi te antr enan kominote yo nan New York, sa ki, lè w konbine l avèk dansite popilasyon nou an, te lakòz New York te gen to enfeksyon COVID-19 ki te pi wo nan peyi an;

LÈ NOU KONSIDERE, yo dokimante ni ka transmisyon COVID-19 ki gen ak vwayaj ni ka ki se poutèt kontak nan kominote a toupatou nan Eta New York epi, malgre efò pèsistan ak serye gouvènman eta ak lokal yo pou retrase, teste, ak limite viris la, nou panse transmisyon sa a pral kontinye;

LÈ NOU KONSIDERE, New York pran yon apwòch pridan, gradyèl epi ki baze sou prèv syantifik pou retounen ouvri Eta New York;

LÈ NOU KONSIDERE, devouman moun New York yo pou “plati koub la” reyisi ralanti transmisyon COVID-19 la, epi efi vijilan sa yo dwe kontinye pou nou pwoteje tèt nou ak zanmi nou, manm fanmi nou, vwazen nou, ak manm kominote nou;

LÈ NOU KONSIDERE, Eta New York te gen to enfeksyon ki te pi wo a, men li reyisi redui to a a youn nan sa ki pi ba yo nan peyi a, epi New York se youn nan kèk grenn eta yo rapòte ki sou wout pou kontwòl transmisyon COVID-19 la;

LÈ NOU KONSIDERE, gen lòt eta ki gen dwa pran apwòch mwen pridan ki gen deplizanpli ka COVID-19, epi kantite ka yo nan lòt eta kontinye prezante yon gwo risk pou pwogrè New York; epi

LÈ NOU KONSIDERE, gouvènman federal la pa okipe ase kòz ak efè pandemi COVID-19 k ap ravaje nasyon an poutèt li pa, pami lòt ajisman, etabli yon estrateji tès pou tout nasyon an epi enpoze yon egzijans nasyonal pou moun kouvri figi yo;

KOUNYE A, KIDONK, MWEN, ANDREW M. CUOMO, Gouvènè Eta New York, avèk otorite Konstitisyon ak Lwa Eta New York la konfye mwen, avèk dokiman sa a, konkli gen yon katastwòf ki la toujou kote ajans eta ak gouvènman lokal ki touche yo pa kapab entèvni kòm sadwa. Poutèt sa, konfòmman ak otorite Konstitisyon Eta New York ak Seksyon 28 nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la (Executive Law), mwen deklare avèk dokiman sa a yon Ijans poutèt Katwastwòf nan Eta a apati de 7 mas 2020, jan li etabli nan Dekrè Egzekitif 202 a. Dekrè Egzekitif sa a ap rete anvigè jiska 4 oktòb 2020.

ANPLIS DE SA, mwen, Andrew M. Cuomo, Gouvènè Eta New York, konfòmman ak otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan Lwa Egzekitif la ban mwen pou sispann oswa modifye pwovizwaman

nenpòt lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman, oswa pati ladan yo, pou nenpòt ajans pandan yon ijans nan Eta a poutèt katastwòf, si respè lwa jeneral, lwa lokal, òdonans, dekrè, règ, oswa règleman sa yo ta anpeche, jennen, oswa retade mezi ki nesèsè pou fè fas ak ijans katastwòf la, oswa si sa nesèsè pou bay asistans oswa èd pou fè fas ak katastwòf sa a, avèk dokiman sa a, m ap kontinye sispansyon yo, modifikasyon yo, ak direktiv yo, ke yon direktiv annapre pa sispann, ki te fèt pa Dekrè Egzekitif 202 jiska epi ansanm ak 202.21, ak 202.27, 202.28, 202.29, 202.30, 202.38, 202.39, 202.40, 202.48, 202.49, 202.50, jan yo pwolonje li, ak Dekrè Egzekitif 202.55 ak 202.55.1 pou yon lòt peryòd trant jou jiska 4 oktòb 2020 epi avèk dokiman sa a mwen sispann oswa modifiye sa ki annapre yo:

- Seksyon 2804 nan Lwa sou otorite Piblik yo (Public Authorities Law), nan mezi sa nesèsè pou pèmèt otorite piblik yo resevwa kòmantè sou yon ajisteman enteripsyon ki pwopoze pa odyans piblik ki fèt a distans, konferans pa telefòn, konferans pa videyo, ak/oswa lòt mwayen transmisyon, sa gen ladan akseptasyon kòmantè piblik pa mwayen elektwonik oswa pa imèl, epi pou pèmèt pou tout dokimantasyon ak dosye obligatwa yo disponib nan fòm elektwonik sou entènèt ak sou demann;
- Sibdivizyon 4 nan seksyon 1 nan chapit 25 nan lwa 2020 yo modifiye nan mezi sa nesèsè pou prevwa ke anplis de nenpòt ki vwayaj nan yon peyi kote Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) yo gen yon alèt sante vwayaj nivo de oswa nivo twa, yon anplwaye pa dwe kalifye pou avantaj konje maladi peye yo ni pou ankenn lòt avantaj peye selon chapit sa a si anplwaye sa a volontèman vwayaje nan yon eta ki gen yon to tèz pozitif pi wo pase 10 pou chak 100,000 abitan, oswa ki pi wo pase yon pousantaj pozitivite tèz 10%, sou yon peryòd sèt jou an mwayèn, epi komisè depatman sante a deziyen kòm satisfè kondisyon sa yo jan sa endike nan avi sekirite yo te pibliye dapre Dekrè Egzekitif 205, epi anplwaye a pa t kòmanse vwayaje nan eta sa a anvan komisè depatman sante a te deziyen eta sa a, epi vwayaj la pa te fèt nan kad travay anplwaye a oswa sou entriksyon patwon anplwaye a;
- Sispansyon ki nen Dekrè Egzekitif 202.8 la, jan li kontinye ak modifiye dènyèman an nan Dekrè Egzekitif Order 202.48 ak 202.55 ak 202.55.1, amande avèk dokiman sa a pou prevwa enteripsyon delè pou prezante ka devan tribinal la ap sispann nan sa ki gen pou wè ak tout mezi pou konteste apwobasyon kèlkeswa gouvènman minisipal la oswa otorite piblik la bay yon pwojè konstriksyon ki gen ladan oswa lojman bon mache oswa espas ki pou sèvi pou òganizasyon ki p agen bi fè pwofi. Sispansyon Seksyon 30.30 nan Lwa sou Pwosedi Penal la (Criminal Procedure Law), modie avèk dokiman sa a pou egzije pout limitasyon sou tan pwosè san delè yo rete sispann nan yon jiridiksyon jiska lè ti jiri pou zafè penal yo rekòmanse rankontre nan jiridiksyon sa a; Lwa sou Pwosedi Penal 170.70 la pa sispann ankò, epi pou tout konparisyon yo egzije ki pou fèt an pèsonn yo gen dwa kontinye fè yo vityèlman avèk konsantman pati yo.
- Seksyon 17(d) nan Lwa sou Koperativ Elektrik Riral la (Rural Electric Cooperatives Law) nan mezi sa nesèsè pou elimine egzijans kowòm an pèsonn minimòm nan;
- Tit 5 nan Atik 11 nan Lwa sou Taks sou Pwopriyete Imobilye a (Real Property Tax Law), sispann nan sa ki gen pou wè ak kapasite yon minisipalite pou li vann dwa pou sezi.

ANPLIS DE SA, pa otorite Seksyon 29-a nan Atik 2-B nan

Lwa Egzekitif la ban mwen pou mwen pibliye nenpòt direktiv pandan yon ijans poutèt katastwòf ki nesèsè pou fè fas ak katastwòf la, avèk dokiman sa a mwen pibliye direktiv ki annapre yo jiska 4 oktòb 2020:

- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.45 la, jan li pwolonje, ki egzije pou tout lekòl yo nan eta a fèmen pou ansèyman an pèsonn, modifiye avèk dokiman sa a sèlmannan mezi pou otorize lekòl yo nan tout eta a pou yo ouvè pou ansèyman, apati de 1ye septanm 2020, a kondisyon yo respekte rekòmantasyon ak direktiv Depatman Sante a (Department of Health) pibliye yo, epi depi tou distrik lekòl yo dwe kontinye plan yo pou garanti disponibilite manje, ak disponibilite gadri pou travayè lasante ak entèvansyon dijans yo, pou nenpòt distrik lekòl k ap fonksyone a distans epi depi tou pou tout distrik ki fèmen pou ansèyman an pèsonn, yo kenbe yon plan dijans pou ofri sèvis sa yo touswit;
- Depi yon kowonè oswa medsen lejis sispèk avèk rezon COVID-19 oswa lagrip te kòz yon lanmò, men yo pa t fè tèz sa yo disi 14 jou anvan lanmò a nan yon mezon retrèt oswa lopital, oswa ajans ospis la pa t fè l, kowonè oswa medsen lejis la dwe fè tèz ni COVID-19 ni lagrip disi 48 èdtan apre lanmò a, depi yo resevwa kò a disi 48 èdtan apre lanmò a, konfòmman ak règleman Depatman Sante a te pwomilge yo. Kowonè a ak medsen lejis la dwe rapòte lanmò a bay Depatman Sante a kou yo fin resevwa rezilta toude tèz sa yo pa yon mwayen Depatman Sante a ap deside. Depatman Sante Eta a dwe ofri èd bay tout kowonè oswa medsen lejis ki mande li.
- Kòd Administratif (Administrative Code) § 5-17.0(2) Konte Nassau la nan mezi nan nesèsè pou sispann dènye delè a pou peye taks jeneral dezyèm mwatye 2019-2020 yo ki parèt sou lis kontribyab Konte Nassau a san enterè ni amann apati de 10 out 2020 pou rive 31 out 2020 pou pwopriyete rezidansyèl ki te gen pou mèt annantye oswa an pati nan moman lanmò yo travayè lasante ak premye entèvenan nan Konte Nassau ki mouri poutèt yo te trape nouvo kowonaviris la

epi ki gen pou mèt kounye a manm fanmi pwòch yo oswa eritye yo.

- Kòd Administratif § 5-16.0(b) Konte Nassau la nan mezi sa nesèsè pou ofri yon rabè en pousan sou peman taks distrik lekòl dezyèm mwatye 2020-2021 yo ki fèt nan dat oswa anvan 10 desanm 2020.
- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.3 a, jan li pwolonje, ki te egzije fèmte pou piblik la tout etablisman ki gen otorizasyon fè jwèt lotri pa videyo oswa jwèt kazino, modifiye avèk dokiman sa a pou pèmèt etablisman sa yo ouvè nan dat oswa apre 9 septanm 2020, a kondisyon yo respekte rekòmandasyon Depatman Sante a.
- Direktiv ki nan Dekrè Egzekitif 202.50 la, jan Dekrè Egzekitif 202.53 amande li, ki te otorize pòsyon komen andedan yo nan sant komèsyal yo pou yo ouvè nan rejyon nan eta a ki nan Faz Kat nan re-ouvèti eta a, depi sant komèsyal sa yo rete fèmte nan rejyon Vil New York la, amande avèk dokiman sa a pou otorize sant komèsyal sa yo pou yo ouvè nan rejyon Vil New York la, a kondisyon sant komèsyal sa yo respekte rekòmandasyon Depatman sante a pibliye yo nan dat oswa apre 9 septanm 2020.

F È T anba siyati mwen ak So Prive Eta a nan Vil

Albany nan katriyèm jou mwa

septanm nan ane de mil ven.

SOU LÒD GOUVÈNÈ A

Sekretè Gouvènè a